



Pou Piblikasyon Imedya: 07/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA A PRAL ENVESTI NAN KONPAYI PRIVE POU PÈMÈT TÈS RAPID YO FÈT NAN PI GWO ANPLÈ

Biznis ki enterese yo dwe kontakte Empire State Development nan 212-803-3100 oswa COVID19Supplies@esd.ny.gov

Depatman Sante Eta a te devlope yon tès pou detekte antikò pou enfeksyon COVID-19 la nan san yon moun

Pibliye [lèt](#) bay Delegasyon Kongrè New York la ki dekri bezwen Eta a nan pwochen lejislasyon federal COVID-19 la

Gouvènè a anonse soulajman pou anviwon 300,000 moun ki te fè prè etidyan nan New York ke Lwa CARES federal la pa kouvri

Akò avèk gwo founisè sèvis yo gen ladan, Navient, Nelnet, PHEAA, MOHELA ak lòt yo gen ladan ranvwa rekouvremman peman, frè anreta ki anile

Gouvènè a siyen [Dekrè Egzekitif](#) ki otorize Eta a redistribiye vantilatè ak ekipman pou pwoteksyon pèsònèl bay lopital ki gen plis bezwen yo

Li konfime 8,174 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a ak 138,863; nouvo ka nan 45 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke eta a pral investi nan konpayi prive pou pèmèt tès COVID-19 rapid yo fèt nan gwo anplè ak akselere kapasite pou fè tès yo. Biznis ki enterese travay avèk eta a pou fabrike tès rapid sa yo nan gwo anplè dwe kontakte Empire State Development nan 212-803-3100 oswa COVID19supplies@esd.ny.gov.

Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Sante Eta a te devlope yon tès pou detekte antikò pou enfeksyon COVID-19 la nan san yon moun. Tès sa a se yon etap enpòtan nan detèmine si Nouyòkè yo ap devlope iminite ak kilè yo ta ka retounen nan travay oswa lekòl.

Gouvènè Cuomo te pibliye tou yon [lèt](#) bay Delegasyon Kongrè New York la ki dekri bezwen Eta a nan pwochen lejislasyon federal COVID-19 la Pwojè lwa relans anvan yo sou COVID-19 la pa te rive abòde kòm sadwa pèt revni New York yo epi te gen ladan restriksyon ki afekte refòm Medicaid yo nan eta a.

Gouvènè a te anonse tou yon akò avèk pi gwo founisè prè pou etidyan nan New York pou jwenn soulajman pou moun ki te fè prè etidyan ki gen difikilte finansye akòz COVID-19 la ki kontakte founisè prè etidyan prive yo. Soulajman disponib la gen ladan 90 jou peman mansyèl ki ranwaye, frè anreta ki anile, okenn rapò negatif bay ajans kredi yo ak enskripsyon pou moun ki fè prè ki kalifye nan pwogram asistans alontèm ki disponib. Lwa federal sou Èd, Soulajman ak Sekirite Ekonomik kont Kowonaviris oswa lwa CARES (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security Act) la, sèlman bay soulajman pou moun ki fè prè ke se gouvènman federal la ki posede prè sa yo. Akò sa a avèk endistri prè etidyan an bay soulajman ki nesèsè anpil pou moun eksepsyonèl ki fè prè sa yo kote prè yo sòti nan antite prive.

Depatman Sèvis Finansye Eta New York la pral pibliye oryantasyon ki reflete ak konplete akò Eta a avèk endistri prè etidyan prive a epi ki mande founisè sèvis prè etidyan ki règleman yo pou aplike byen vit ak kòm sadwa soulajman Lwa federal CARES la pou moun ki fè prè yo bay la kote yo se prè ke eta federal la posede. Etidyan New York ki fè prè yo dwe vizite [sitwèb DFS](#) la pou plis enfòmasyon sou soulajman prè etidyan ki disponib.

Gouvènè a te siyen jodi a yon [Dekrè Egzekitif](#) ki otorize Eta a redistribiye vantilatè ak ekipman pou pwoteksyon pèsònèl bay lopital ki gen plis bezwen yo Dekrè Egzekitif la pwolonje tou mòd poz Eta New York la pou de semèn anplis jiska 29 avril epi otorize etidyan medikal yo ki ta dwe gradye yo pou kòmanse pratike touswit pou ede nan kad gwo vag ekip swen sante a.

"Nou te travay pou redui pwopagasyon COVID-19 la atravè aksyon agresif pou redui dansite, ogmante tès ak ekipe epi bay lopital nou yo pèsònèl kòm sadwa epi n ap gade tou kijan pou nou redemare ekonomi an nan yon fason ki reflechi ak responsab", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se pa yon bouton limyè ke nou ka sèlman peze nan yon jou epi tout bagay ap tounen nòmal - nou dwe vini ak yon apwòch entèlijan pou redemare sistèm yo ke nou te fèmen sibatman epi tès yo se pral youn nan eleman enpòtan pou sa. N ap kontinye travay pou pèmèt tès rapid yo fèt nan gwo anplè pou nou ka pèmèt moun yo tounen travay."

Finalman, Gouvènè a te konfime 8,174 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 138,863 ka konfime nan Eta New York. Nan total 138,863 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	333	14
Allegany	17	0
Broome	86	10
Cattaraugus	13	1
Cayuga	14	3
Chautauqua	16	1
Chemung	49	2
Chenango	51	5

Clinton	37	1
Columbia	61	2
Cortland	16	3
Delaware	36	7
Dutchess	1,249	60
Erie	1,135	112
Essex	7	0
Franklin	10	0
Fulton	13	2
Genesee	33	10
Greene	24	0
Hamilton	2	0
Herkimer	27	2
Jefferson	39	6
Lewis	6	0
Livingston	23	1
Madison	88	6
Monroe	596	22
Montgomery	18	3
Nassau	16,610	994
Niagara	126	6
NYC	76,876	4,695
Oneida	118	18
Onondaga	335	64
Ontario	33	1
Orange	3,599	202
Orleans	15	2
Oswego	31	2
Otsego	34	0
Putnam	366	21
Rensselaer	67	5
Rockland	5,990	287
Saratoga	155	2
Schenectady	145	7
Schoharie	12	1
Schuyler	4	0
Seneca	10	1
St. Lawrence	60	1

Steuben	75	0
Suffolk	14,517	1030
Sullivan	270	17
Tioga	8	0
Tompkins	97	3
Ulster	398	26
Warren	31	5
Washington	19	0
Wayne	35	1
Westchester	14,804	510
Wyoming	23	0
Yates	1	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)